



Pou Piblikasyon Imedya: 21/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON NOUVO DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB KI KOUTE 76 MILYON DOLA AK YON MACHE POU VANN MANJE FRE NAN DISTRI BIZNIS SANTRAL BUFFALO A

201 Ellicott kreye 201 Apatman Abòdab ak episri ki mezire 22,000 pye kare nan katye ki akse sou transpò

Devlopman konstwi sou frich endistriyèl yo repare a

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te anonse ke yo pral ouvri byento yon nouvo devlopman ki koute 76 milyon dola ki gen 201 lojman abòdab pou revni miks ak yon nouvo mache pou vann manje fre ki mezire 22,000 pye kare nan Buffalo. Yo te konstwi 201 Ellicott sou yon pakin sifas ki pa itilize ase ke vil la posede nan Distri Santral Biznis Buffalo aprè yo te fin fè reparasyon nan frich endistriyèl la.

"Kreye ak garanti lojman abòdab se yon pilye fondamantal nan bati kominote k ap pwospere epi administrasyon mwen an angaje nan fè investisman ki nesese yo pou fè efò sa yo vin yon reyelite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa a, ki pral kreye de santèn inite abòdab nan kè distri biznis santral Buffalo a, se dènye egzant travay sa a epi li reprezante yon gwo etap pi devan pou reyalize yon Buffalo k ap fleri."

Batiman rezidansyèl la nan 201 Ellicott gen ladan 131 apatman ki gen yon sèl chanm ak 70 apatman ki gen de chanm. Pifò apatman yo abòdab pou fanmi ki ap touche 60 pousan nan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan oswa pi piti ke sa. 44 apatman abòdab pou kay ki touche jiska 80 pousan nan AMI an.

Ekipman batiman yo enkli yon chanm kominotè ki gen kwizin, yon sal jimnastik, yon sal lesiv nan chak etaj, yonabri transpò piblik sou plas, ak yon zòn depo bisiklèt ki gen yon estasyon reparasyon bisiklèt. Batiman ebèje tou premye sant mobilite vil Buffalo a, ki ofri solisyon transpò miltimodal pou rezidan yo atravè GO Buffalo Niagara.

Ekipman deyò yo gen ladan yon peyizaj ak espas lwazi ki meble ak aksè ak yon estasyon Reddy Bike sou plas.

Pwopriyete a gen ladan yon mache otonòm ki ofri manje fre ki abòda, manje prepare nan yon anviwònman kafe, sèvis restorasyon, vant en gwo, ak atik sezon. Pwojè a tou pre Bibliyotèk Piblik Konte Buffalo ak Erie ak anpil restoran ak sit amizman, pami lòt resous ak atraksyon anba lavil yo.

Devlopè a se Ciminelli Real Estate Corporation. Aktivite lokasyon apatman yo kounye a sou pye epi se Belmont Housing k ap kowòdone yo.

An 2015, vil Buffalo te chèche pwopozisyon pou redevlope pakin sifas 380 inite a ki delimite pa Ellicott, Oak, Clinton Streets ak Sant Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Center) Otorite Transpò Niagara Frontier (Niagara Frontier Transportation Authority) nan Distri Biznis Santral la. Yo te konsidere pwopriyete a tankou yon frich endistriyèl ki te egzije reparasyon ak netwayaj atravè Pwogram Netwayaj Frich Endistriyèl eta a.

Finansman Eta pou devlopman rezidansyèl la gen ladan 10.5 milyon dola obligasyon pèmanan ki gen egzansyon fiskal; Kredi Enpo Federal sou Lojman pou moun ki gen Revni Fèb, ki jenere 21.8 milyon dola nan fon pwòp; ak 19.1 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. HCR bay tou 5.5 milyon dola nan finansman pou batiman komèsyal la. Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York bay kredi taks Frich Endistriyèl ki te jenere 12 milyon dola nan ekite.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR la, te deklare, "Distri Biznis Santral Buffalo a amelyore anpil atravè ogmantasyon 201 Ellicott la. Devlopman ki gen 201 apatman ki koute 76 milyon dola a ap avanse nou pi pre objektif rediksyon kabòn eta a nan ranplase yon pakin sifas pa yon devlopman ki akse sou transpò, ak enkòpore yon mache manje fre ki bay aksè fasil ak episri yo. Lè lavil nou yo vin kote moun ka viv, mache oswa moute bisiklèt ale nan travay yo alèz, ekonomi lokal la ap moute, epi anviwonman an ap amelyore."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Pwogram Netwayaj Frich Endistriyèl New York la ap fè vanse renesans kominote yo toupatou nan retounen dè santèn pwopriyete ki pa te itilize ase pou nan itilizasyon pwodiktif, sa k ap kreye nouvo opòtinite lojman ak travay. Pwojè 201 Ellicott Street Apartments lan, ki te bati sou yon ansyen frich endistriyèl nan Distri Santral Biznis Buffalo, ap founi nouvo apatman abòdab ak siksè nan katye a, ansanm ak aksè pratik ak manje fre ki soti nan nouvo Braymiller Market la. DEC fyè dèske li jwe yon wòl nan pwojè transfòmasyon sa a, ki pral dinamize ekonomi lokal la epi amelyore kalite lavi pou kominote sa a."

Paul Ciminelli, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Ciminelli Real Estate Corporation, te deklare, "Pwojè sa a se yon temwayaj vizyon ak detèminasyon tout moun ki enplike yo. Nou te kolektivman transfòme sa ki te yon fwa yon pakin sifas, nan yon destinasyon vibran ak konekte nan nwayo Anba lavil la. Lojman, manje, komès, ak mobilite, tout vini ansanm isit la nan 201 Ellicott, sa ki bay yon etap enpòtan nan travay kontinyèl pou grandi lavil nou an."

Senatè Timothy Kennedy te deklare, "Avèk finisman 201 Ellicott Street ak Braymiller Market nan avwazinant la, n ap ogmante plis dansite nan Anba lavil Buffalo epi asire ke popilasyon k ap grandi sa a gen aksè ak manje ki fre, ki an sante, epi ki dirab. Kòm popilasyon Buffalo ap ogmante, pwojè tankou sa ap asire ke vil la ap grandi yon fason entelijan. Felisitasyon pou tout moun ki fè pwojè sa yo posib."

Lidè Majorite Asanble Eta New York la, Crystal Peoples-Stokes, te deklare, "Fini konstriksyon yon devlopman lojman a izaj miltip ki koute 76 milyon dola ak mache kote yo vann manje fre nan Distri Biznis Santral Buffalo a sèvi kòm yon egzanp briyan sou gwo itilizasyon resous eta a pou ede revitalize kominote nou an lè li bay lojman abòdab pou rezidan yo. Mwen aplodi Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè Eta New York, Ciminelli Real Estate Corporation ak tout lòt pati enterese nan kominote a ke lidèchip yo te kontribiye nan rann pwojè sa tounen yon reyalyte."

Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare, "Pwojè nan 201 Ellicott la pral pote lojman abòdab ki nesesè ak opsyon manje fre nan nwayo anba lavil Buffalo, nan ranplase yon pakin ki pa te itilize ase pa yon envestisman ki reyini moun ansanm ak kreye kominote. Sa a se yon bon egzanp transfòmasyon kontinyèl Buffalo e li pral yon ogmantasyon yo akeyi nan distri biznis santral la."

Majistra Buffalo, Byron W. Brown, te deklare, "Pwojè 201 Ellicott Street la aliye nan priorite Administrasyon mwen an pou kontinye devlope bon jan kalite lojman abòdab nan kominote nou an, sa ki ranfòse efò nou yo pou kreye ak sipòte katye vibran pou revni miks kote rezidan nou yo ap pwospere."

201 Ellicott se yon pati nan Plan Lojman san presedan, senk ane eta a pou 20 milya dola, pou rann lojman aksesib ak pou konbat sanzabri gras ak konstriksyon oswa prezèvasyon plis pase 100,000 lojman abòdab ak 6,000 lojman ki gen sèvis sipò. Depi 2011, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te investi 307 milyon dola nan Buffalo, ki kreye oswa prezève anviwon 3,200 lojman abòdab.

###